दिन–सोमवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–22.06.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ पटना में तीन लाख छियानवे हजार सँ बेसी किसानक खाता मे डीबीटीक माध्यम सँ दू सय करोड़ टाका सँ बेसीक अनुदान राशि अंतरित कयलनि। ई राशि कृषि इनपुट अनुदान योजनाक अंतर्गत वासंतिक–रबी दू हजार पच्चीस–छब्बीसक अंतर्गत एहि वर्ष मार्च मास मे आयल अन्हर–बिहारि सँ भेल फसिल नोकसानक लेल देल गेल अछि। मुख्यमंत्री श्री चौधरी सभा के संबोधित करैत कहलनि जे एहि योजनाक अंतर्गत तेरह जिलाक प्रभावित किसान सभ कें अनुदान देल गेल अछि। ओ जनौलनि जे आओर आवेदन प्राप्त होयबा पर सत्यापनक बाद ओहि किसान सभ के सेहो अनुदान राशि देल जायत। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आ बिजेन्द्र प्रसाद यादव आ आपदा प्रबंधन मंत्री रत्नेश सादा आ कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा सेहो उपस्थित छलाह।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहयलनि जे चंपारण क्षेत्र कें देशक प्रमुख कुसियार उत्पादन क्षेत्रक रूप में विकसित करबाक लेल विशेष कार्य योजनाक अंतर्गत शीघ्रता सँ काज कयल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री आइ पटना मे गन्ना उद्योग विभागक समीक्षा बैसकक दरमियान अधिकारी सभ कें राज्यक नओ बंद चीनी मिल कें फेर सँ चालू करेबाक आ पच्चीस नव चीनी मिलक स्थापनाक योजना कें गति देबाक निर्देश देलनि।

---

राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री दिलीप जायसवाल कहलनि जे दाखिल–खारिजक प्रत्येक मामिलाक निष्पादन सँ पहिने ओकर मिलान सरकारी भूमि अभिलेख सँ अनिवार्य रूप सँ कयल जायत। श्री जायसवाल पटना में पत्रकार सब सँ गपशप करैत कहलनि जे विभाग एहि संबंध में सभ जिलाधिकारी कें निर्देश जारी कऽ देने अछि। ओ कहलनि जे एकर उद्देश्य सरकारी जमीन पर गलत तरीका सँ जमाबंदी कायम होयबाक संभावना कें समाप्त करब आ सरकारी संपत्ति कें सुरक्षा सुनिश्चित करब अछि।

---

सर्वोच्च न्यायालय भोजपुर जिलाक शाहपुर मे पुलिस मुठभेड़ मे भरत भूषण तिवारीक मृत्युक मामिला मे शीघ्र सुनवाई सँ मना कऽ देलक अछि। अदालत याचिकाकर्ता कें निर्देश देलक अछि जे ओ रजिस्ट्रार के सोझां मामिलाक चर्चा करथि, ओहि के बाद आगांक प्रक्रिया तय कयल जायत। याचिका मे मुठभेड़क घटनाक सीबीआई जांच करेबाक मांग कयल गेल अछि। बिहार पुलिस भोजपुर मुठभेड़ मामिला में लापरवाहीक बात स्वीकार कयलक अछि। अपर पुलिस महानिदेशक कानून व्यवस्था सुधांशु कुमार पटना में पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे एहि मामिलाक निष्पक्ष आ वैज्ञानिक तरीका सँ जाँचक लेल शाहाबाद प्रक्षेत्रक डीआईजी कँ जिम्मेदारी देल गेल अछि। ओ कहलनि जे एहि मामला में लापरवाही बरतय वाला थाना प्रभारी सहित पाँच गोट पुलिसकर्मी कँ निलंबित कऽ देल गेल अछि।

———————————————————

मौसम विभाग जनौलक जे काल्हि सँ पटना, गया आ सारण सहित राज्यक दक्षिण–पश्चिम भाग मे सेहो मॉनसून के सक्रिय होयबा सँ वर्षा संभावना अछि। विभाग अगिला चौबीस घंटाक दरमियान अररिया, बांका, भागलपुर, कटिहार, किशनगंज, मधुबनी, पूर्णियां आ सुपौल जिला में किछु स्थान पर तेज हवाक संग भारी वर्षाक आशंका जतौलक अछि। एहि दरमियान किछु स्थान पर बज्रपात भऽ सकैत अछि।

———————————————————

नेपाल मे वर्षाक कारणें कोसी नदीक जलस्तर मे लगातार वृद्धि दर्ज कयल जा रहल अछि। हमर सुपौल संवाददाता जनौलनि जे एहि वर्ष पहिल बेर नदीक जलस्तर एक लाख क्यूसेक के पार कऽ गेल अछि। कोसी बराज पर बढ़ैत दवाब के देखैत बेस राति बराज सँ एक लाख नओ सय पचपन क्यूसेक पानि छोड़ल गेल। जिला प्रशासन बढ़ैत जलस्तर कें देखैत सतर्कता बढ़ा देलक अछि।

———————————————————

सुपौल जिला प्रशासन जदिया थाना क्षेत्र अंतर्गत मानगंज पश्चिम पंचायतक दतुआ वार्ड संख्या–दस मे काल्हि राति एक श्राद्ध कार्यक्रम मे भोजन कयलाक बाद सय सँ बेसी लोकनिक मोन खराब होयबाक खबरि के भ्रामक जनौलक अछि। जिला जन संपर्क अधिकारी प्रेस विज्ञप्ति जारी कऽ जनौलनि जे त्रिवेणीगंज अनुमंडलीय अस्पताल में मामूली रूप सँ बीमार मात्र दू–तीन गोटे के आनल गेल छल। चिकित्सक लोकनि हुनकर सभक जांच कयलनि। जांच में विषाक्त भोजन खयबा सँ कोनो आन असामान्य लक्षणक पुष्टि नहि भेल अछि। जिला

प्रशासन लोक सभ सँ सोशल मीडिया पर एहन भ्रामक खबरि सभ सँ सचेत रहबाक अपील कयलक अछि।

——————————————————————————

किशनगंजक नव जिलाधिकारी नवीन कुमार आइ अपन पदभार ग्रहण कऽ लेलनि। ओ पत्रकार सब सँ गपशप करैत जनौलनि जे जिला में सरकारी योजना सभ कें प्रभावी रूप सँ लागू करब हुनकर प्राथमिकता अछि।

——————————————————————————

समाप्त